

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana data nu kapanggih, tuluy dianalisis jeung didéskripsikeun, dicindekkeun ieu di handap.

- a. Istilah ngaput jeung ngaput jeung ngabordél di PD Tjiwulan Kecamatan Kawalu Kota Tasikmalaya nu kapanggih aya 96 léksikon ngaput jeung ngabordél.
- b. Dumasar wangun kecapna, léksikon ngaput jeung ngabordél di PD Tjiwulan diklasifikasikeun kana wangun salancar, wangun rundayan, wangun rajékan, jeung wangun kantétan. Wangun kecap ngaput jeung ngabordél nu kapaluruh nyaéta 26 (27,1%) wangun salancar, 10 (10,4%) léksikon wangun rundayan, 1 (1,1%) léksikon wangun rajékan, jeung 59 (61,5%) léksikon wangun kantétan.

Léksikon ngaput jeung ngabordél wangun salancar kapanggih aya 26 istilah, dipasing deui kana opat bagian, diantarana ieu di handap.

- 1) Léksikon ngaput jeung ngabordél wangun salancar saengang kapanggih aya opat istilah, kawangun ku dua pola: pola 1a : Pola Ia KVK kapanggih dua léksikon. Contona; *ban*; jeung pola 1b : KVKV kapanggih aya dua léksikon. Contona: *klép*.
- 2) Léksikon ngaput jeung ngabordél wangun salancar dua engang kapanggih aya 18 istilah, kawangun ku genep pola: pola 1a : VK-KVK kapanggih hiji léksikon. Contona: *bi-dal*; pola 1b : KV-KV kapanggih dua léksikon. Contona: *ka-ci*; pola 1c : KV-VK kapanggih hiji léksikon. Contona: *ka-én*; pola 1d : KV-KVK kapanggih tujuh léksikon. Contona: *ge-lar*; pola 1e : KVK-KVK kapanggih genep léksikon. Contona: *hébrar*; jeung pola 1f : KKV-KVK kapanggih hiji léksikon. Contona: *sléting*.
- 3) Léksikon ngaput jeung ngabordél wangun salancar tilu engang kapanggih aya tilu istilah, kawangun hiji pola nyaéta KVK-KV-KVK. Contona: *kor-né-li*.

- 4) Léksikon ngaput jeung ngabordél wangun salancar opat engang kapanggih aya hiji istilah, kawangun ku hiji pola nyaéta KV-KV-KV-KV. Contona: *ko-ré-la-si*.

Léksikon ngaput jeung ngabordél wangun rundayan kapanggih aya 10 istilah, dipasing dumasar pola kecapna, nyaéta: pola II : rangk + KA. Kawangun ku opat pola: pola IIa : N- + KA kapanggih genep léksikon. Contona: *mayét N- + payét* ; pola IIb : KA + -an kapanggih hiji léksikon. Contona: *meter+an*; pola IIc : Pen- + KA + -an kapanggih hiji léksikon. Contona: *pen+dahulu+an*; pola IId : KA + -an kapanggih hiji léksikon. Contona: *témbak+an*; pola IIE : di- + KA kapanggih hiji léksikon. Contona: *di+lilit*.

Léksikon ngaput jeung ngabordél wangun rajékan kapanggih aya hiji istilah, dipasing dumasar pola kecapna, nyaéta: pola III : KS + Rdm. Contona: *biku-biku*.

Léksikon ngaput jeung ngabordél wangun kantétan kapanggih aya 59 istilah, dipasing dumasar pola kecapna, nyaéta: pola IV : K + K ± K.

- 1) Léksikon ngaput jeung ngabordél dua kecap kantétan kawangun ku genep pola: pola IVa : KB + KB kapanggih aya 14 léksikon. Contona: *ban cangkéng*; pola IVb : KB + KS kapanggih tilu leksikon. Contona: *gunting béngkok*; pola IVc : KB + KP kapanggih aya 14 léksikon. Contona: *gunting bordél*; pola IVd : KP + KB kapanggih aya tujuh léksikon. Contona: *kupnat cangkéng*; pola IVe : KP + KP kapanggih aya genep léksikon. Contona: *simpul gulung*; jeung IVf : KP + KS kapanggih salapan léksikon. Contona: *jaitan lurus*.
- 2) Léksikon ngaput jeung ngabordél tilu kecap kantétan kawangun ku genep pola: pola IVa : KB + KB + KB kapanggih aya hiji léksikon. Contona: *benang lobang kancing*; pola IVb : KP + KBil + KP kapanggih hiji leksikon. Contona: *beringgit ganda bertingikai*; pola IVc : KP + KS + KP kapanggih aya hiji léksikon. Contona: *beringgit penuh berganda*; pola IVd : KB + KP + KS kapanggih aya hiji léksikon. Contona: *serat gantung inti*; pola IVe : KP + KB + KB kapanggih aya hiji léksikon.

Contona: *tusuk duri ikan*; jeung IVf : KP + KP + KS kapanggih aya hiji léksikon. Contona: *tusuk tikam jejak*.

- c. Dumasar kana ma'na léksikonna, léksikon ngaput jeung ngabordél nyoko kana kecap barang, kecap pagawéan, kecap sipat, jeung kecap bilangan. Barang nu dimaksud nyaéta ngaput jeung ngabordél. Kecap pagawéan, sipat, jeung bilangan nyaéta prosés dina lumangsungna ngaput jeung ngabordél.
- d. Kahirupan ngaput jeung ngabordél di PD Tjiwulan katitén alus, lantaran tina sosialna, dampak ékonomi, lingkungan, jeung atikanna aya pangaruhna positif pikeun lingkungan sabudeureunna, boh masarakatna boh dunya atikan nu aya di éta lingkungan.

## 5.2 Saran

Ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban kajembaran tradisi, hususna dina kaparigelan ngaput jeung ngabordél boh di Tatar Sunda boh di wewengkon sewing-séwangan, sarta bisa nambahan pangaweruh pikeun mékarkeun ajén-ajén jeung mikawanoh deui istilah-istilah nu aya dina pakasaban ngaput jeung ngabordél.

### a. Pikeun dunya atikan

Hasil ieu panalungtikan dipiharep bisa dimangpaatkeun pikeun bahan ajar jeung mikanyaho ngeunaan léksiko-semantik dina ngaput jeung ngabordél jeung ajén-ajén étnolinguistik nu aya dijerona.

### b. Pikeun masarakat

Hasil ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan pangaweruh hususna dina widang usaha, numuwuhkeun minat jeung karesep sangkan bisa ngalarapkeun tradisi ngaput jeung ngabodrél dina pakasaban sapopoéna.

### c. Pikeun pangaweruh

Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban kana istilah-istilah anyar jeung ma'na pikeun kamus Sunda.